**दिन–बुध** **दिनांक–01.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेश मे तेसर आ चारिम चरणक लोकसभा चुनावक लेल प्रचार अभियान तेज भऽ गेल अछि। विभिन्न राजनीतिक दल सभक नेता लोकनि अपन–अपन प्रत्याशी लोकनिक समर्थन मे लगातार जनसभा आ रोड शो कऽ रहल छथि। निर्दलीय प्रत्याशी लोकनि सेहो अपन क्षेत्र मे लगातार जनसंपर्क अभियान चला रहल छथि। जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ सुपौल आ झंझारपुर लोकसभा क्षेत्र मे एनडीए प्रत्याशी लोकनिक पक्ष मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री कुमार कहलनि जे केन्द्र सरकारक सहयोग सँ बिहार विकासक डेग पर निरंतर अग्रसर अछि। ओ अपन कार्यकालक उपलब्धि के चर्चा करैत कहलनि जे आई बिहार हरेक क्षेत्र मे आगाँ बढि रहल अछि। श्री कुमार कहलनि जे हुनक सरकार मुख्य रूप सँ युवा लोकनि के रोजगार देबा पर काज कऽ रहल अछि। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आइ मधुबनी, अररिया आ सहरसा मे पार्टी प्रत्याशी लोकनिक समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री यादव कहलनि जे एहि बेरक चुनाव परिणाम अप्रत्याशित होयत। ओ कहलनि जे दू चरणक चुनाव के बाद भाजपा मे हताशा बढ़ि गेल अछि। श्री यादव प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पर वादा सँ मुकरबाक आरोप लगौलनि। एहि मध्य लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान विपक्षी दल सभ पर मुद्दा विहीन राजनीति करबाक आरोप लगौलनि अछि। ओ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत कहलनि जे विपक्षी दल चुनाव प्रचार मे लोकसभक धार्मिक भावना के सेहो आहत कऽ रहल छथि। एम्हर, राजद नेता आ पाटलिपुत्रा लोकसभा क्षेत्र सँ पार्टी प्रत्याशी मीसा भारती कहलनि जे देश मे महगाई आ बेरोजगारी बढि रहल अछि मुदा एहि मुद्दा पर प्रधानमंत्री कखनहुं किछु नहि बजैत छथि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह कहलनि अछि जे जाबत धरि भाजपाक एकहु सांसद भारतक संसद मे रहताह ताबत धरि अनुसूचित जाति, अनुसूचित जनजाति आ पिछड़ा वर्गक आरक्षण के नहि हटाओल जायत। श्री शाह आइ छत्तीसगढ के कोरबा मे एक चुनावी रैली के सम्बोधित कऽ रहल छलाह।

---

भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष जे.पी. नड्डा आ पार्टीक वरिष्ठ नेता तथा केन्द्रीय मंत्री राजनाथ सिंह काल्हि बिहार दौरा पर रहताह। श्री नड्डा अररिया आ मुजफ्फरपुर मे पार्टी प्रत्याशी लोकनिक पक्ष मे चुनावी सभा के सम्बोधित करताह। ओतहि, राजनाथ सिंह के सारण आ सुपौल लोकसभा क्षेत्र मे पार्टी उम्मीदवार सभक समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित करबाक कार्यक्रम अछि।

————————————————————————

कांग्रेसक राष्ट्रीय प्रवक्ता आलोक शर्मा कहलनि अछि जे लोकसभा चुनावक पहिल चरणक समाप्ति के बाद सँ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी घबराहट मे छथि। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री शर्मा प्रधानमंत्री पर लोकसभ के भ्रमित करबाक सेहो आरोप लगौलनि।

————————————————————————

राजदक प्रदेश अध्यक्ष जगदानन्द सिंह के पुत्र आ जदयूक महासचिव अजीत कुमार पार्टीक प्राथमिक सदस्यता सँ त्यागपत्र दऽ देलनि अछि। श्री कुमार पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा के पत्रक माध्यम सँ पार्टीक कामकाज आ निर्णय पर प्रश्न उठौलनि अछि। श्री कुमारक राजद मे सम्मिलित हेबाक संभावना जनाओल जा रहल अछि।

————————————————————————

प्रदेशभरि मे भीषण गर्मी आ लू चलि रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार आइ भागलपुर, पूर्णियां, अररिया आ शेखपुरा जिला मे भीषण लू के स्थिति बनल अछि। ओतहि, पटना, मुजफ्फरपुर, पूर्वी चंपारण, सारण, गोपालगंज, बांका आ नवादा जिला मे सेहो किछु ठाम लू चलि रहल अछि। विभागक अनुसार बेसी ठाम उच्चतम तापामन बियालीस डिग्री सेल्सियस सँ उपर पहुँचि गेल अछि।

————————————————————————

किशनगंज सदर थाना क्षेत्र अंतर्गत पौआखाली गाम मे एक घर मे खेना बनेबा काल सिलेंडर मे भेल विस्फोट के कारण एक महिला आ हुनक तीन बच्चा के मृत्यु भऽ गेलनि। एहि हादसा मे दू गोटे गंभीर रूप सँ झरकि गेलथि जिनकर पूर्णियां मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे इलाज चलि रहल अछि।

————————————————————————

बेगूसराय जिलाक बलिया थाना क्षेत्रक मिर्जापुर डीह गाम मे अपराधी सभ अधिवक्ता विष्णुदेव महतो के हत्या कऽ देलक। एहि घटना सँ आक्रोशित अधिवक्ता लोकनि सात दिनक भीतर अपराधी सभक गिरफ्तारी सुनिश्चित करबाक मांग के संगहि अदालती कामकाजक बहिष्कार के चेतावन सेहो देलनि अछि।

———————————————————————

भारतीय सूचना सेवाक वरिष्ठ अधिकारी मौसमी चक्रवर्ती आइ आकाशवाणी समाचारक महानिदेशक के पदभार ग्रहण कयलनि। तीन दशक सँ बेसी के अपन कार्यकाल मे ओ राष्ट्रीय मानवाधिकार आयोग मे कैबिनेट मंत्री के निजी सचिवक रूप मे ओ काज कयलनि। श्रीमती मौसमी चक्रवर्ती काल्हि प्रधान महानिदेशक वसुधा गुप्ताक सेवा निवृति के बाद पदभार ग्रहण कयलनि।

———————————————————————

आइ अंतर्राष्ट्रीय मजदूर दिवस अछि। ई दिवस पूरा विश्व मे श्रमिक लोकनिक योगदान के सम्मान देबाक लेल मनाओल जायत अछि। एहि वर्ष एहि दिवसक थीम अछि–"जलवायु परिवर्तन के बीच कार्यस्थल पर स्वास्थ्य और सुरक्षा सुनिश्चित करना"। अंतर्राष्ट्रीय मजदूर दिवस पर राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार श्रमिक भाई आ बहिन लोकनि के शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।